# TIL BILIMI HÁM ÁDEBIYATTANIW

**Til bilimi**

## А.Н.КОНОНОВ ҲӘМ ТЮРКОЛОГИЯ ИЛИМИ

**Ш.Н.Абдиназимов** – *филология илимлериниң докторы, профессор*
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

**Таянч сўзлар:** туркий руний ёдгорликлар, тюркология, грамматика, турк тили, ўзбек тили, сўз туркумлари, синтаксис.
**Ключевые слова:** тюркские рунические памятники, тюркология, грамматика, турецкий язык, узбекский язык, части речи, синтаксис.
**Key words:** Turkic runic monuments, Turkology, grammar, Turkic language, Uzbek language, parts of speech, syntax.

Андрей Николаевич Кононов ХХ әсирдеги ең көрнекли тилши илимпазлардың бири болды. Андрей Николаевич Кононов талантлы ҳәм атақлы тюрколог, филология илимлериниң докторы, профессор, Кеңес тюркологлар комитетиниң баслығы (1973-1986), Бурыңғы аўқам Илимлер академиясының академиги, Өзбекстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери (1979). Ол 1906-жылы 27-октябрьде Россия империясының Санкт-Петербург қаласында туўылған. 1986-жылы 30-октябрь куни 80 жыллық юбилейинен үш күн өткеннен кейин Санкт-Петербургта қайтыс болған. Богослав қәбиристанына жерленген.

Ол 1930-жылы Санкт-Петербургтағы Шығыс институты тюркология бөлимин питкерген. Институтта оқыған студентлик жыллары сол дәўирдеги көрнекли тюркологлар – В.В.Бартольд, Е.Э.Бертельс, Н.К.Дмитриев, С.Е.Малов, А.Н.Самойловичлардан билим алған. Олардың лекцияларын тыңлаған. Ол 1932-1938-жыллары мектепте түрк тили оқытыўшысы болып жумыс ислеген. Соның менен бирге 1933-1936-жыллары Санкт-Петербургтағы Шығыс институтының аспиранты болған.

1934-жылдан 1981-жылға шекем 48 жыл даўамында Санкт-Петербург мәмлекетлик университети Шығыс факультетиниң түрк филологиясы кафедрасында жумыс ислеген, 1949-1972-жыллары усы кафедраны 24 жыл даўамында басқарған. Сондай-ақ, 1938-жылдан өмириниң ақырына шекем Илимлер академиясы Санкт-Петербург бөлиминиң Шығыстаныў институтының илимий хызметкери лаўазымында жумыс ислеген.

1953-1954-жыллары Санкт-Петербург мәмлекетлик университетиниң Шығыс факультетиниң деканы лаўазымында, 1961-1963-жыллары Илимлер академиясы Санкт-Петербург бөлиминиң Шығыстаныў институтының директоры болып ислеген.

А.Н.Кононов өзиниң өмириниң 55 жылын илим ҳәм педагогикалық хызметке бағышлады. Ол түркий тиллериниң грамматикасы, лексикологиясы, текстологиясы, этимологиясы, тарийхы, шығыс таныў мәселелерин изертлеў менен шуғылланды, 300 ден аслам илимий мийнетлер дөретти, көп санлы илимий-педагог кадрлар таярлады. Оның биринши көлемли жумысы Хикмет Жевдет-заде менен 1934-жылы бирликте таярлаған «Ҳәзирги түрк тилиниң грамматикасы» мийнети есапланады [1]. (Усы жерде еки аўыз сөз. Хикмет Жевдет-заде Стамбулда туўылған. Гимназия ҳәм пединститутты Стамбулда оқыған. 1918-жылы Батумиға келип, 1924-жылы сол жерде түрк мектебин шөлкемлестиреди. 30-жыллары Санкт-Петербург университетиниң Шығыс факультетине жумысқа киреди. 1933-жылы Илимлер академиясының Шығыс таныў институтының илимий хызметкери болады. 1937-жылы репрессияға ушырап, 1945-жылы Канск қаласындағы қамақханада қайтыс болған). А.Н.Кононов усы Жевдет-заде менен бирликте таярлаған мийнетин толықтырып 1941-жылы «Түрк тилиниң грамматикасы» деген атамада жәриялаған [2]. Автор 1948-жылы «Өзбек тилиниң грамматикасы» [3], 1956-жылы «Ҳәзирги түрк әдебий тилиниң грамматикасы» [4], 1960-жылы «Ҳәзирги өзбек әдебий тилиниң грамматикасы» мийнетлерин жәриялаған [5].

1968-жылы Илимлер академиясының ҳақыйқый ағзалығына сайлаў ўақтында А.Н.Кононов ең ылайықлы кандидатура еди. Бирақ та «партия ҳәм ҳүкимет шешими»не сәйкес Илимлер академиясына туўысқан республика ўәкиллериниң бирин академикликке сайлаўы бойынша көрсетпе бериледи. Академикликке грузиялы Г.В.Церетели усынылады. Жағдайды түсинген А.Н.Кононов өзиниң кандидатурасын қайтып алады. Бирақ оның Илимлер академиясы тил ҳәм әдебият бөлимине «Советская тюркология» журналы ҳәм Кеңеслик тюркологлар комитетин шөлкемлестириў бойынша билдирген усыныслары қоллап қуўатланады. Солай етип, «Советская тюркология» журналы 1970-жылдың февраль айынан баслап шыға баслады. 1973-жылдың 11-октябринде Илимлер академиясы Президиумы 758-санлы қарары менен тюркология тараўындағы илимий изертлеўди муўапықластырыўды жақсылаў, сондай-ақ, шет еллердеги тюркологлар менен илимий бирге ислесиў ҳәм халықаралық байланысларды күшейтиў мақсетинде «Совет тюркологлар комитети» дузиледи. Жаңадан шолкемлестирилген Совет тюркологлар комитети баслығы болып СССР Илимлер академиясының хабаршысы ағзасы А.Н.Кононов тайынланады. Ол бул лаўазымда 1986-жылға шекем иследи. Илимлер академиясының 1974-жыл 3-январьдағы қарары менен Совет тюркологлар комитети 35 ағза қурамында, комитет бюросы 11 ағзадан ибарат болды.

Ол путкил аўқамлық тюркологлар комитетине баслық болып сайланғаннан кейин турақлы түрде путкил аўқамлық тюркологиялық конференциялар өткерилди, бул союзлық республикаларда түркий тиллерин изертлеў жумысларын муўапықластырыў, түркий тиллерин изертлеўди тереңлестириў ҳәм шеңберин кеңейтиўге үлкен тәсирин тийгизди.

А.Н.Кононов 1974-жылы академик болып сайланады. Ол Кеңес тюркологлары комитетин басқарған жыллары бурынғы аўқам аймағында түркий тиллерин изертлеў жумысларын шөлкемлестириў ҳәм муўапықластырыў ислеринде хызмети үлкен болды. Россия Федерациясы ҳәм союзлық түркий тиллес республикалардағы тюркологлардың бирге ислесиўи, илимпазлардың бир-бири менен танысып, тығыз ислесиўинде жеке өзи өрнек көрсетти.

Оның жоқарыда аты аталған мийнетлеринен басқа төмендеги китаплары жәрияланған: «Россияда түркий тиллериниң изертлениў тарийхы», «VII-IX әсирлердеги түркий руналық естеликлери тилиниң грамматикасы», «Россияда түркий тиллериниң изертлениў тарийхы. Октябрьге шекемги дәўир», «Октябрьге шекемги дәўирдеги Ўатандарлық тюркологлардың библиографиялық сөзлиги» [6] ҳәм т.б.

1941-жылы жәрияланған «Түрк тилиниң грамматикасы» мийнети автордың илимий дөретиўшилигинде әҳмийетли орын ийелейди. Бул мийнетинде түрк тилиниң грамматикалық қурылысын баянлаў ҳәм түрк тили грамматикасы фактлерин систематастырыўда жаңаша қатнас жасайды. Әсиресе, бул синтаксис тараўында айрықша көзге тасланады, бурынлары рус

тилиндеги гәп қурылысының хәр қыйлы типлерине сәйкес келетуғын синтаксислик конструкциялар сыпатында үйренилип келген болса, ол агглютинатив тиллерге тән гәп қурылысының өзгеше екенлигин түрк тили материаллары тийкарында дәлилледи. А.Н.Кононовтың бул мийнети 1934-жылы жәрияланған оқыў грамматикасына салыстырғанда үлкен илгерилеў болды хәм түрк тилин изертлеў тарийхында салмақлы из қалдырды. Автор 1956-жылы жәриялаған «Хәзирги түрк әдебий тилиниң тарийхы» мийнетинде автордың бул бойынша пикирлери және де толықтырылды хәм раўажландырылды. Бул изертлеў тюркологиялық изертлеўлердиң ишинде түрк тилиниң грамматикалық қурылысын кең хәм терең илимий баянлайтуғын ең тийкарғы мийнет есапланады. Бул мийнетке 1957-жылы Ленинград мәмлекетлик университетиниң бас сыйлығы берилген. Түрк тилиниң синтаксиси хәм морфологиялық қубылысларын дәлиллеў ушын изертлеўде қатаң хүжжетлестирилген, терең системаластырылған түрде бай тиллик материаллар берилген.

Изертлеўде автордың илимий дөретиўшилигине тән болған ең тийкарғы белгилери – алдыңғы рус шығыстаныў дәстүрлерине садықлық, тюркологиялық әдебиятларды толық хәм энциклопедиялық билиўи, изертлеў объектиниң өзине тәнлигин терең түсиниўи айқын көринеди. Бул мийнеттиң тийкарғы айырмашылық белгилериниң бири сөз шақапларына морфологиялық сыпатлама бериўи есапланады. Түрк тили бойынша усы ўақытқа шекемги изертлеўлерде түркий тиллеринде атаўыш сөз шақаплары морфологиялық жақтан еле толық бир-биринен ажыралмаған деген пикир үстемлик ететуғын еди. А.Н.Кононов терең илимий анализлеп атлық хәм келбетлик, келбетлик хәм рәўиш сөз шақапларының өз алдына сөз шақабы екенлигин мысаллар тийкарында дәлиллейди. Солай етип, түрк тилиндеги сөз шақапларының морфологиялық белгилерин анықлаўы автордың принципиаль хәм грамматикалық көз қараслары концепциясының избе-излигин көрсетеди. Автор сөз жасаўшы хәм сөз өзгертиўши аффикслердиң тарийхый раўажланыўына байланыслы этимологиялық таллаў да жасайды. Бунда автордың грамматикалық қубылысларды түсиндириўде тарийхый қатнас жасаў шеберлиги өзиниң сәўлелениўин табады.

А.Н.Кононовтың өзбек тил билиминиң раўажланыўында да салмақлы орны бар. Оның авторлығында 1948-жылы жәрияланған «Өзбек тилиниң грамматикасы» мийнети өзбек тилиниң грамматикалық қурылысын ең дәслепки толық баянлайтуғын мийнет есапланады. Сонлықтан бул мийнет тек Өзбекстанда емес, басқа да түркий тиллес республикаларда жоқары оқыў орынларында сабақлық ретинде оқытылады. Автор өзиниң бул мийнетинде де синтаксис, гәп қурылысы мәселелерине үлкен дыққат аўдарады. Өзбек тилиниң грамматикалық қурылысы бойынша автордың изертлеўлери және де толықтырылып хәм байытылып, оның 1960-жылы жәрияланған «Хәзирги өзбек әдебий тилиниң грамматикасы» мийнетинде берилди. Бунда түркий тиллери бойынша көп жыллық изертлеўлери улыўмаластырылған: хәзирги өзбек әдебий тилиниң айырым қубылыслары хәм тилдиң қурылысы кең улыўма тюркологиялық изертлеўлердиң тийкарғы машқалаларына байланыслы изертленген.

Автор өзиниң кейинги мийнетлеринде түркий тиллериниң тарийхый грамматикасы бойынша изертлеўлер жүргизди. А.Н.Кононовтың илимий дөретиўшилигинде текстологиялық изертлеўлер әхмийетли орын ийелейди. Ол устазлары В.В.Радлов, Н.И.Ильминский, С.Е.Малов, А.Н.Самойловичлардың дәстүрин даўам етеди. 1948-жылы Алишер Наўайының «Махбуб-ул-кулуб» шығармасы бойынша изертлеўин жәриялады [7]. Автордың бул мийнети уллы шайырдың әдебий мийрасларын изертлеўге қосылған үлкен үлес болды. 1979-жылы А.Н.Кононовқа «Өзбекстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери» хүрметли атағы берилди.

Ол Санкт-Петербург мәмлекетлик университетиниң шығыс факультетинде «Түрк тилиниң грамматикасы», «Түрк тилиниң тарийхы», «Ески түркий жазба естеликлери», «Түркий тил билимине кириспе» пәнлери бойынша узақ жыллар лекциялар оқыды. Тюрколог қәнигелердиң бир неше әўладларының жетилисип шығыўына өзиниң 50 жылдан аслам өмирин бағышлады.

А.Н.Кононовтың илимий-шөлкемлестириў хызмети мол. Оның басламасы менен хәр еки жылда бир мәртебе халықаралық тюркологиялық конференциялар шөлкемлестирилди, онда тюркологияның ең әхмийетли мәселелери додаланды.

Уллы илимпаз, шебер шөлкемлестириўшилик уқыбына ийе, әдил хәм принципиал, дүнья жүзи тюркологлары арасында үлкен абырайға ийе А.Н.Кононовтың илимий мийнетлери тюркологиялық изертлеўлер арасында салмақлы орынға ийе.

**Әдебиятлар**

1. Кононов А.Н., Х.Джевдет-заде. Грамматика современного турецкого языка (Фонетика, морфология и синтаксис). – Л.: Ленинградский вост. Институт. 1934. –С. 268.
2. Кононов А.Н. Грамматика турецкого языка. – М.-Л.: АН СССР, 1941. –С.312.
3. Кононов А.Н. Грамматика узбекского языка. – Ташкент: Гос. изд-во УзССР, 1948. –С.283.
4. Кононов А.Н. Грамматика современного турецкого литературного языка. – М.-Л.: АН СССР, 1956. –С.569.
5. Кононов А.Н. Грамматика современного узбекского литературного языка. – М.-Л.: АН СССР, 1960. –С.446.
6. Кононов А.Н. Родословная туркмен. Сочинение Абу-л-Гази, хана хивинского. – М.-Л.: АН СССР, 1958, 192+98 с.; Книга моего деда Коркута. Огузский героический эпос. – М.-Л.: АН СССР, 1962, 299 с. (Совместно с В.М.Жирмунским); История изучения тюркских языков в России. Дооктябрьский период. – Л.: «Наука», 1972, 272 с.; Очерк истории изучения турецкого языка. – Л.: Наука, 1976, 119 с.; Грамматика языка тюркских рунических памятников. VII-IX вв. – Л.: «Наука», 1980, -С.255; История изучения тюркских языков в России. – Л.: «Наука», 1982, -С.360; Биобиблиографический словарь отечественных тюркологов. Дооктябрьский период. – М.: 1989.
7. Кононов А.Н. Алишер Навои. Возлюбленный сердец. – М.-Л.: АН СССР, 1948. –С.170.

**РЕЗЮМЕ.** Мазкур мақолада энг таниқли тюркологларнинг бири – Андрей Николаевич Кононовнинг ҳаёти, меҳнат фаолияти ва илмий ижоди бўйича маълумотлар берилган. Унинг туркология илмига, асосан, турк руник ёзма ёдгорликлари, турк тили, ўзбек тили грамматикасини тадқиқ қилишга бағишланган ишлари ҳақида сўз боради. А.Н.Кононовнинг туркий тиллари грамматикасини ўрганишдаги алоҳида хизмати кўрсатилган.

**РЕЗЮМЕ**. В данной статье представлена информация о жизни, творчестве и научной деятельности одного из самых известных тюркологов – Андрея Николаевича Кононова. Обсуждаются его труды, посвященные тюркологии, особенно тюркским руническим письменным памятникам, турецкому языку, грамматике узбекского языка. Показана особая заслуга А.Н.Кононова в изучении грамматики тюркских языков.

**SUMMARY.** This article provides information about the life, work and scientific activities of one of the most famous Turkologists - Andrei Nikolaevich Kononov. His works devoted to Turkic studies, especially Turkic runic monuments, Turkish language, grammar of the Uzbek language are discussed. The special merit of A.N.Kononov in the study of the grammar of the Turkic languages is shown.